

SoliMarket Shopper

SoliMarket Shopper se yon aplikasyon mobil Delaware Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants and Children (WIC, Pwogram Nitrisyon Espesyal pou Fanm, Tibebe ak Timoun) itilize pou Pwogram Nitrisyon Mache pou Kiltivatè (Farmers Market Nutrition Program, FMNP). Aplikasyon sa a ap pèmèt ou achte fwi, legim, ak fèy koupe ki fre epi ki pa prepare nan mache kote gen kiltivatè ki otorize ki ap patisipe nan Pwogram Nitrisyon Mache pou Kiltivatè (FMNP) WIC la.



Etap ki vini annapre yo eksplike fason pou enstale aplikasyon mobil la ak fason pou antre sou kont **SoliMarket Shopper** ou an:



Enstalasyon ak Konfigirasyon

1



Nan pwochen randevou WIC pwograme w ap fèt an Jen, Jiyè oswa Out, yon manm pèsònèl WIC ap kreye yon kont pou ou **atravè yon pòtal entènèt**. Pou l fè sa, li ap bezwen tout non ou, adrès imèl ou, nimewo telefòn ou, dat nesans ou, done demografik ou, ak enfòmasyon sou manm fanmi w yo.

2



Depi li fin kreye kont lan, w ap resevwa yon imèl ki soti sou "**noreply@soliportal.com**." *Remak: Si w pa wè imèl sa a nan espas kèk minit lè kont lan fin kreye, verifye dosye espam, dosye achiv, dosye pwomosyon, vye dosye, oswa dosye poubèl imèl ou piske bwat resepsyon an gendwa te filtre li otomatikman.*

3

Aprè w fin resevwa imèl la, w ap kapab telechaje ak enstale aplikasyon mobil **SoliMarket Shopper** a sou telefòn ou. *Remak: asire w telechaje "SoliMarket Shopper" se pa "SoliMarket Register pou telechaje".* Ou kapab itilize lyen app store ki apwopriye nan imèl la pou aparèy ou a, oswa itilize lyen ki anba yo:



Pou aparèy Android yo:

Louvri Google Play Store, chèche **SoliMarket Shopper**, epi telechaje aplikasyon an, oswa [klike la a](#).


Pou aparèy iOS (Apple) yo:

Louvri App Store, chèche **SoliMarket Shopper**, epi telechaje aplikasyon an, oswa [klike la a](#).

4

Louvri aplikasyon mobil **SoliMarket**



Shopper a. Chwazi lang ou pale a (Anglè oswa Panyòl), klike sou toude kaz yo pou w aksepte Tèm ak Kondisyon yo epi Politik Konfidansyalite a, oswa klike sou "AGREE & CONTINUE (AKSEPTE epi KONTINYE)" pou w chwazi toude opsyon yo epi kontinye nan ekran koneksyon an.



5

Mete adrès imèl pèsònèl la te itilize pou kreye kont ou an, apresa mete nimewo pin 4 chif tanporè yo ba w nan imèl ki di w "Byenvini nan SoliMarket!" la.

Remak: Tout adrès imèl sansib lè gen diferans lèt majiskil ak lèt miniskil, se sa ki fè tout ta dwe an lèt miniskil.



6

Apre ou fin mete PIN nan, ou ap rive sou paj dakèy ki afiche montan kòb ou rete a ak dat ekspirasyon avantaj yo. Ou kapab konsève PIN ou genyen kounye a pou w konekte, oswa ou kapab navige nan Onglè "Account (Kont)" lan pou w chanje PIN ou an ak/oswa aktive Face ID oswa Touch ID si aparèy ou a genyen lojisyèl la disponib.



(Nou vrèman ankouraje w itilize Touch ID oswa Face ID si aparèy ou a kapab pran li! Sa ap pèmèt ou konekte san pwoblèm san w pa bezwen nan sonje ni chèche PIN ou.)


7

Aplikasyon **SoliMarket Shopper ou an pare kounye a pou l fè acha!**

Navigasyon ak Lòt Fonksyonalite

Aplikasyon *SoliMarket Shopper* a genyen kat (4) paj prensipal ladan li: **Paj Akèy**, **Peman**, **Istorik**, ak **Kont**.

Akèy




Paj akèy la bay yon apèsi sou kont *SoliMarket Shopper* ou an, ki gen ladan li non w, montan avantaj ki rete a, dat ekspirasyon montan ki rete a, rezime dènye acha ou fè yo, ak yon Nimewo Kont Prensipal (PAN, Primary Account Number) ki gen 16 chif.

- Nenpòt mesaj *SoliMarket* ak/oswa pèsònèl WIC la voye ap parèt sou Ekran Paj Akèy la tou. Ou kapab klike ikòn klòch la ki nan kwen dwat anlè ekran an pou ka wè ansyen mesaj yo. →


Peman

- Ou gendwa klike sou bouton *Peman* an pou w tanmen yon tranzaksyon avèk yon kiltivatè ki gen otorizasyon pou l itilize aplikasyon mobil *SoliMarket Register* a.
- Lè w pare pou achte, klike bouton *Peman* an; yon kòd QR ap kreye pou kiltivatè a eskane avèk pwòp aparèy pa li.
- Kiltivatè a ap mete pri pwodui l yo sou aparèy li a, epi apresya ou ap wè rezime tranzaksyon an nan aplikasyon *SoliMarket Shopper* ou a. Klike sou bouton **ACCEPT (AKSEPTE)** ki vèt la pou w apwouve tranzaksyon an, oswa **CANCEL (ANILE)** pou w refize l.



Istorik

- Paj *Istorik* la ap afiche tout ansyen tranzasyon ki fèt sou kont ou an, tankou dat ak montan tranzaksyon ki fèt yo.
- Pou w jwenn plis detay sou nenpòt dat espesifik, tankou enfòmasyon sou kiltivatè yo ak montan avantaj ou itilize pou chak acha, klike sou nenpòt nan dat yo.
- Pou w jwenn plis detay sou chak tranzaksyon espesifik, tankou enfòmasyon sou pwodui espesifik ou achte ak valè ou kapab itilize pou retrase tranzaksyon yo, klike sou yon tranzaksyon espesifik.



Kont

- **Kont:** Itilize opsyon sa a pou w modifiye Non ou ak Siyati w. *Remak: ou pa kapab chanje adrès imèl kont lan; si w bezwen yon nouvo imèl, tanpri kontakte biwo WIC ki nan zòn ou an.*
- **Modpas ak Sekirite:** Ou ka mete modpas kont ou an ajou la a. Yo ap mande w pou mete modpas ou genyen kounye a pou w ka chwazi yon nouvo modpas apres. Apati paj sa a, ou gendwa aktive oswa dezaktive Touch ID ak/oswa Face ID a kòm opsyon pou antre sou kont ou an (si modèl telefòn ou an gen fonksyonalite sa a).
- **Lang:** Ou kapab chanje lang aplikasyon an pou voye l swa an Anglè swa an Panyòl.



- **Tèm ak Kondisyon:** Itilize bouton sa a pou wè Tèm ak Kondisyon pou itilize aplikasyon mobil *SoliMarket* la.
- **Politik Konfidansyalite:** itilize bouton sa a pou wè Politik Konfidansyalite pou aplikasyon mobil *SoliMarket* la.
- **Dekoneksyon:** Itilize bouton sa a pou w dekonekte sou kont ou an.
- **Vèsyon SoliMarket la:** Seksyon sa a ap afiche vèsyon lojisyèl aplikasyon mobil *SoliMarket* ou an. Sizoka ou ta bezwen sipò teknik, yo ka mande w pou konfime nimewo vèsyon nou endike nan dokiman sa a. Nou ankouraje w aktive paramèt "mizajou otomatik" ki sou aparèy ou a, oswa toujou retounen sou app store a pou wè si dènye vèsyon *SoliMarket Shopper* a pa disponib.

Sèvis Kliyan SoliMarket: 1-214-256-3083 oswa support@solisystems.com

